

Ou gen dwa pou  
w bay tete



Chwazi ki jan pou nouri ti bebe w la se youn nan desizyon ki pi enpòtan w ap pran. Founisè swen sante yo dakò pou pifò moun, alètman eksklizif se chwa ki pi an sekirite epi ki pi sen. Se dwa w pou w konnen benefis ki genyen nan bay tete epi wè founisè w la ap ankouraje epi sipòte bay tete. Dwa sa yo se pou ou – kèlkeswa ras ou, relijon w, orijin nasyonal ou oswa oryantasyon seksyèl ou, oswa ki moun ki peye pou swen sante ou.

Pote kat sa a bay founisè w la anvan, pandan ak aprè gwosès ou pou w ka pale ak yo sou dwa w genyen pou bay tete.

# Avan ou akouche, ou gen dwa pou ou:<sup>\*</sup>

- Resevwa enfòmasyon konplè sou bay tete — benefis li yo, ki jan pou w kòmanse, ak ki jan pou jwenn èd si w bezwen li



## Pandan ou lopital la, ou gen dwa pou:\*

- Fè ti bebe w la rete nan chanm ou 24 èdtan pa jou pou w ka bay tete nenpòt ki lè
- Di anplwaye lopital yo pou yo pa bay ti bebe w la yon bibwon, sof si ou menm ak founisè swen pou ti bebe w la dakò
- Fè kontak po a po ak ti bebe w la imedyatman aprè akouchman an, menm si ou fè sezaryèn (seksyon C)
- Bay tete nan nan lespas inèdtan aprè nesans
- Jwenn èd yon konsiltan nan zafè bay tete, sitou si ti bebe w la gen bezwen fonksyonèl
- Fè manm fanmi w yo oswa zanmi w yo resevwa enfòmasyon konsènan bay tete nan men yon anplwaye ki resevwa fòmasyon espesyal
- Afiche yon siy sou bèso ti bebe w la ki di, "Se tete w ap bay ti bebe a sèlman — pa gen bibwon oswa tetin"
- Bay ti bebe w la lèt manman, menmsi ti bebe w la nan inite swen entansif (Neonatal Intensive Care Unit, NICU) neyonatal la — pèsonèl la ta dwe montre w ki jan pou w fè sa
- Chache konnen epi refize tout medikaman ki ka cheche lèt ou
- Genyen sipò pou bay tete si oumenm oswa ti bebe w la entène lopital ankò
- Chache èd si lopital ou a pa respekte dwa sa yo — kontakte Depatman Sante Eta New York la oswa liy dirèk pou pote plent lopital la nan 800-804-5447

\*Adaptasyon Deklarasyon Dwa Manman k ap bay Tete, Lwa Sante Piblik, Seksyon 2505-a.

## Lè ou kite lopital la, ou gen dwa pou:<sup>\*</sup>

- Resevwa enfòmasyon alètman ki pa gen anons pou lèt atifisyèl ladann
- Egzeyate san ou pa resevwa koupon pou lèt atifisyèl oswa echantyon gratis
- Resevwa enfòmasyon sou resous nan zafè bay tete nan kominote w la, tankou gwoup sipò, konsiltan nan zafè bay tete ak ponp pou tire lèt nan tete
- Resevwa enfòmasyon sou kikote pou w mennen ti bebe w la pou yon randevou pou suivi — mande yon lis founisè swen sante yo rekòmande
- Resevwa enfòmasyon sou fason pou w tire epi konsève lèt la

\*Adaptasyon Deklarasyon Dwa Manman kap bay Tete (Breastfeeding Mothers' Bill of Rights), Lwa Sante Piblik, Seksyon 2505-a.

## Ou gen dwa pou w bay tete nenpòt kote.

- Lalwa pwoteje dwa w genyen pou bay tete an piblik la.
- Seksyon 79-e Lwa sou Dwa Sivik New York la di, moun ka bay tete nan nenpòt espas piblik.
- Lwa Penal 245.01 di li pa yon ekspozisyon endesan.

## Ou gen dwa pou tire lèt manman an nan travay la.

- Anplwayè yo dwe fè yon efò rezonab pou ba ou espas prive ak tan pou w tire lèt nan tete w nan travay ou (Lwa sou Manman k ap bay tete nan Espas Travay, Seksyon 206-c Lwa Travay Eta New York).
- Ou ka an mezi pou itilize tan peye — sa p ap koute w anyen pou w mande.

Espas kote w ap tire a dwe yon espas sanitè, ki pa yon twalèt, ki toupre zòn travay ou a ak yon frijidè pou konsève lèt la. Omwen, espas la dwe gen yon priz elektrik, yon chèz, yon sifas pou mete yon ponp ak aksè nan dlo k ap koule Lwa Lokal Vil New York Nimewo 182 ane 2018, Konsèy Entènasyonal nimewo 879-A ane 2018. Pifò anplwayè yo dwe genyen yon politik laktasyon alekri epi reponn a yon demann pou yon aranjman pi vit posib, men pa pita pase senk jou ouvrab Lwa Lokal Entènasyonal Nimewo 186 ane 2018, Konsèy Entènasyonal Nimewo 905-A ane 2018.

Si w santi yo pa t respekte dwa w pou tire lèt nan tete w nan travay ou, rele Komisyon pou Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) nan 212-416-0197.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan bay tete, rele **311** oswa Biwo Biwo Sante Fanm la nan nimewo 800-994-9662.